Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 23 (7424)
26 Июнь 2020 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

РФялъул Конституция: гьаркьал кьей

## Данделъи тIобитIана



I9 июналда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана росабазул администрациябазул бутIрулгун. Кьойил темаялда букIана «РФялъул Конституциялде росулел поправкабазе гьаркьал кьеялде хIадурлъи»,- абураб суал.

Данделъиялда росабазул муниципалитетазул бутIруз бицана цебеккунго гьаркьал кьей кин унел ругелали, гьабулеб хIадурлъиялъул, унтудаса гIадамал цIуниялъе гьарулел ругел хIалтIабазул.

РакIалде щвезабизин поправкабазда хурхун цебеккунго гьаркьал кьей букIана 2I июналда, анлъго участкаялда; ХарачIи, МокIсохъ, ЦIатIанихъ, ИштIибури, Колоб, ИнкIкIвалитIа ва ункъго гъутабазда ругел магIишатазда. Гьединго Балахьуни, Майданское, Рихьуни, Унсоколо ва цогидалги бакIазда гьаркьал кьуна 25 июналдаса I июлалде щвезегIан.

Гьел суалазул бицун данделъиялда кIалъана Балахьуни росдал бетIер У. НурмухIамадовги.

## Блогеразул гIумроялдаса цо къо



2017 соналда районалда гIуцIун букIана районалъул гIадамазе, хасго гIолилазе информационнияб культура борхизабун социалияб рахъалъ хIаракатал гIадамал гьеб ишалде гьорлъе цIаялъе, интернет-аудиториялдасан хайир бугеб хIалтIи букIинабиялъе, самоуправлениялъул хIалтIуе рагьараб хасият кьеялъе «Блогеразул совет». Гьеб гIуцIиялъе кьучIое босана 2003 соналъул 6 октябралда бахъараб РФялъул ФЗялъул бакIалъулаб самоуправлениялъул принципазул ва РФялъул халкъияб информациялъул алатазул хIакъалъулъ бугеб, I99I соналъул 27 декабралда къватIибе бачIараб законал. «Блогеразул Советалъе» кьун буго РДялъул «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул статус. Советалде гьоркьоре уна гIагараб районалъе гIоло хIалтIизе бокьарал гIадамал.

Блогерал ккола жидерго ракьалъул гIадамазул гIумроялъул ургъел бугел ва общественнияб гIумроялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулел общественникал. Жидерго хъвайхъвагIаялъул кумекалдалъун гьез интересал идеябазул бицуна, лъай кьола гIадамазе. Гьел хIинкъуларо захIмалъабазукьа, рукIуна ишал унел бакIазда. Гьелъие хIужабилъун кола коронавирусалъул унти тIибитIараб мехалъ кинабго рахъ халкъалда бицине хIаракатаб хIалтIи гьез гьабиялъ. Гьеб захIматаб заманалда цо рахъалда чIечIого ишалъулаб къагIидаялъ хIалтIана Ж. Къурбанова, Ж. ХIайбулаева, Ш. МухIамадова, М. ГIабдурахIманова, Р. Хасбулатова, М. МухIумаева, Ж. МирзахIажиева. Гьез социалиял сетазда хъвана районалда кколелъул хIакъалъулъ, кумек гьабуна районалъул информационнияб хъулухъалъе, рукIана захIматаб заманаялъ гIадамазе лъикIал гьудулзабилъун, кумекчагIилъун.

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасда бихьана гьеб, гьес гьал къоязда дандчIвай гьабуна блогеразулгун. ХIаракатаб хIалтIуе гIоло ва захIматаб заманаялъ гIадамазе гьабураб кумекалъухъ ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна гьезие, кьуна ХIурматалъул грамотаби, гьарана лъикIабщинаб

## ГI. НурмухIамадовас ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалда баркана тIадегIанаб шапакъат



Дагъистан республикаялъул БетIер В. Васильевас указ бахъун буго цIикIкIараб къадар врачазул, медсестрабазул, гIисинал медицинаялъул персоналалъул – киналго COVID-I9 пандемиялъул заманалда унтарал хвасар гьариялъул ишазулъ кIудияб бутIа лъуразе шапакъатал кьеялъе. ЧIезабуна республикаялда жидерго ракьцоял хвасар гьариялъе сордо-къо батIа гьабичIого хIалтIарал гIадамал рукIин.

Кьурал шапакъатазда гьоркьор руго унтул заманалда хIаракатаб хIалтIи гьабуразе «За доблестный труд», РДялъул ХIурматиял грамотаби, «Заслуженный врач РД» цIар, «Заслуженный работник здравоохранении РД», гьединго РакIалде щвеялъул цIар хъварал сагIтал ва РДялъул БетIерасул Баркалаби.

Унсоколо районалъул врачазул тIадегIанаб захIмат ккечIого хутIичIо гьеб сияхIалде. «Заслуженный врач РД» абураб тIадегIанаб цIар кьун буго Унсоколо районалъул централияб больницаялъул бетIерай врач, унти тIибитIарал захIматал моцIазда врачасул налъул гьаялъе тIуянго ритIухъайлъун хутIарай ГIайшат МухIамадовалъе.

**ХIурматгун, лъикIаб гьара-рахьигун «Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**

## Информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев тIамуна



20 июналда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул конференц-залалда букIана «Цогояб информационнияб хъулухъ» МБУялде цIияв нухмалъулев тIамиялъе тIобитIулеб конкурс. Гьениб бергьаравлъун рикIкIана ХIажимухIамад ГьазимухIамадов.

РакI-ракIалъ баркула ХIажимухIамад ХIусейновичасда ЕИС МБУялъул нухмалъулевлъун тIами. Гьарула халатаб творчествалъулаб гIумро, хIалтIулъ цебетIей, цIиял пикраби, сабру, лъикIал къасдал, киналъулъго битIккей!

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 23 (7424)
Рузман
26 Июнь 2020 сон



Араб кIочон течIони, букIуна букIинесеб,
БукIинеселъе кьалбал кьола ракIалде щвеяз.
Хвезе танани тарих, биххула жакъасеб къо,
Къоязул терхероялъ тохаб бачуна бакъан.

**Инхоса ГIалихIажияв**




## Уважаемые жители Унцукульского района, дорогие земляки!



С 21 июня по 1 июля этого года в нашем районе, как и по всей России пройдёт голосование по поправкам в Конституцию Российской Федерации. Общественная палата призывает вас прийти на избирательные участки и выразить своё мнение проголосовав по поправкам в Конституцию РФ. Голосование является гражданским долгом каждого избирателя.

Редакторалъул колонка

# Араб гьечIони, букIинесебги гьечIо

Исана КIудияб ВатIанияб рагъулъ Советияб халкъалъ бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубай кIодо гьабулеб буго ургъунго гIанги санал, заман кинабго рахъалъ дандеккун. Цо къварилъиялъ цойгидалъе кумек гьабураб гIадин исана гьеб ана I945 соналъул 24 июналъ арабго гIадин; сагIат секунд данде ккезабун. Гьединаб ракIалда чIеялъулаб гIадаб ахIвал-хIал хIажатги букIана нилъее жакъа гIун бачIунеб гIелалда умумазул бахIарчилъиги къохIехьейги ракIалда хутIиялъе.

ХIакъикъаталдаги Бергьенлъиялъул Къо щивасулъ, жеги гьаричIел лъималазулъцин чIаго хутIизе ккола. Гурони нилъер аралда ва букIинеселда тIад хIетIе чIезе, нахъегIанаб гьересияб къагIидаялъ тарих инжилъизабизе хIаракат бахъулеб буго США ялъгун Европаялъ. Гьез Украиналдаго гIадин кIварал къуватал данде цIан, хIаракат бахъулеб буго дунялалъул тарих, ай араб гIумро гIакса бихьизабизе. КIудияб ВатIанияб рагъ Совет хIукуматалъ байбихьанин абизецин нахъе къалел гьечIо гьел. Гьединаб гьерсидаса хадуб бокьараб нахъегIанлъиялде гали тIамулеблъи лъалеб жо буго. ГIицIго цо талихI буго Россиялъул, данде ругез гьаву-гьавухъе чIолев бетIер нилъер гьечIолъи. В. В Путиница кколезда кколеб рагIиги абун, чIезарулел руго гьел, нилъ киналго ахIулел руго битIараб тарих кквезе, цIунизе. Гьединав, векизавизе кIоларев улка бачунев вукIиналъ Горбачев, Ельцин ругеб мехалъ гIадин нилъее зарал гьабизе бажарулебги гьечIо данде ругезда.

Халкъалъе балагь буго бетIер гьечIев хIаким ккей. Гьоркьо хъеб гIелалда ракIалда батила М. Горбачевас Америкаялде месед ва цогидабги кьер бугеб металл гьабулеб сырьё битIарабщинаб. Хъизаналъеги жиндиегоги гьарурал сайгъатазухъ бичана гьес кIудияб улка. Гьеб г1ечIелъуб нахъе хутIанщинаб басра гьабуна Ельциницаги. Вацал армяналги хIалае рачун, гьалмагъ Сталиница «чIегIераб къо» бачIани,-ян нахъе ц1унараб гIарац-месед, кинабго хирияб бечелъи битIана СШАялде, бана гьеб бичизе тIохда самолет чIолеб кIудияб фирма. Хадуб СШАялъулаз тIагIинаруна фирмаялъулал, тIагIана гьеб бечелъиги. Нилъер буголъиялдаса кIвараб кеп босана гьез.

Гьединал жал бит1ун бич1ч1уларел, захIмалъуларел гIадамал щай ругел россиялъулал? ЛъикIаб гIумроялда хадур доре гIумро гьабизе аниги, гIажалалъулаб унти баккидал бичIчIичIодай гьезда чияраз сахги гьаричIого, аэропортазда сардалги ран, ВатIаналде тIад руссине ккараб куц. Гьелдасан хIакъаб суал цебе лъезе бегьулаан нилъ лъугIи тун батIияб мурад гьел хIукуматазул гьечIолъи бичIчIизе. Гьеб гуребги тIадехун рехсарал хIукуматазул «цIорораб рагъ»,-ян гьерсилал гIайибаз, лъолел санкцияз хIалалда толеб гьечIо Россия. Щайдай гьезие лагълъи гьабизе улка толезда бичIчIулареб «рокъоб къадазги кумек гьабулеблъи».

РачIа нилъерго улкаги тарихги кквезин, кьучIал турараб къед гIадин биххизе гьеб бичачIого, ВатIан бокьиялъул асар гIолеб гIелалъулъ щула гьабизин.

Память

# Никогда не забудем о прошлом

Начать свою статью о дне памяти и скорби я решила незабываемыми строками стихотворения замечательного советского поэта, очевидца войны Константина Симонова.

Тема Великой Отечественной войны отражена в советской и российской литературе не просто богато. Пожалуй, это главная тема нашего искусства второй половины 20 века. Немало произведений написано о начальном периоде войны. Память об этом дне сильна даже спустя многие годы после окончания войны. Ужас и пытки людей, которые оставались на оккупированной территории.

Она такой вдавила след
И столько наземь положила,
Что двадцать лет и тридцать лет
Живым не верится, что живы.

Да! 22 июня напоминает всем о погибших и раненых в войне. Это день памяти и скорби отмечает каждый, кто стремится сохранить память о героях ВОВ. Прежде всего, это ветераны, живые свидетели прошедшей трагедии, родственники тех, кто не вернулся с поля, активисты, молодёжные




организации и движения.

Ветеранов становится все меньше, они уходят от нас:

**А к мёртвым, выправив билет,**
**Всё едет кто-нибудь из близких,**
**И время добавляет в списки**
**Еще кого-то, кого нет...**
**И ставит, ставит обелиски.**

День памяти и скорби был учреждён президентом Российской Федерации Борисом Ельциным в 1996 году. Это скорбная дата призвана напомнить о начале войны, которая унесла миллионы жизни. Война для всего советского народа стала общей. В ней участвовали представители всех национальностей, в том числе и наши земляки - дагестанцы. С самого Унцукульского района с первых дней войны на фронт отправились более 950 человек, из них домой вернулись лишь 410, свыше 500 воинов пропали без вести. Они защищали Севастополь, Сталинград, Ржев - всю Россию, весь Советский Союз, советских людей, нашу прекрасную родину, наши земли, деревни, села и города.

День памяти и скорби - это всеобщий праздник нашего народа, очень грустный, праздник воспоминаний.

Мы не хотим больше войны, мы хотим мира и счастья, здоровья и радости. Будем вспоминать о погибших солдатах ВОВ, о детях и о стариках, которые умерли в оккупационных лагерях. Никогда не забудем о нашем прошлом.

и трагедия событий того времени настолько крепко отложились в сознании граждан, что «Живым не верится, что живы».

День памяти и скорби 22 июня 2020 года - это 79-я годовщина начала Великой Отечественной войны. Именно в этот день летом 1941 года началась самая кровопролитная и страшная война в истории страны, явившаяся основной частью Второй мировой войны 1939-1945 годов.

Наступление гитлеровцев, начавшееся в 4 утра, происходило на трёх направлениях- на Москву, Ленинград и Киев. 22 июня в ходе немецкого наступления были захвачены приграничные города Советского Союза. Началась легендарная оборона Брестской крепости, сковавшая отдельные силы противника.

За 4 с лишним года, пока она продолжалась, погибли более 27 млн. военных и гражданских лиц.

**Тот самый длинный день в году**
**С его безоблачной погодой**
**Нам выдал общую беду**
**На всех, на все четыре года.**

За годы войны советские люди сражались самоотверженно против врага, трудились в тылу, помогали солдатам продуктами, одеждой, всем тем, чем смогли. Война носила за собой большие потери. Это были не только военнослужащие, но и старики, женщины и дети, которые угонялись в Германию на принудительные работы. Также практиковали фашисты расстрелы

**П. Магомедова**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 23 (7424)
Рузман
26 Июнь 2020 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере




# Собрание депутатов МО «сельсовет Иштибуринский»

368946, с. Иштибури Унцукульский район РД ул. Им М-З. Гимбатова № 57

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

22 июня 2020 года №6

**О назначении выборов депутатов**
**Собрания депутатов МО**
**«сельсовет Иштибуринский»**

В соответствии со статьей 10 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и прав на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и статьей 12 Закона Республики Дагестан от 6 июля 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республики Дагестан»

**СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МО «сельсовет Иштибуринский»**
**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов МО «сельсовет Иштибуринский» на 13 сентября 2020 года.
2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Садовод» (электронной версии указанного издания), а также разместить его на официальном сайте администрации МО «сельсовет Иштибуринский» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».
3. Направить настоящее постановление в территориальную избирательную комиссию МО «Унцукульский район и в Избирательную комиссию Республики Дагестан.
4. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой

**М. Г. САЙГИДОВ**
**Глава муниципального образования**

# Собрание депутатов МО «село Цатаних»

368946, с. Цатаних Унцукульский район РД

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

22 июня 2020 года №4

**О назначении выборов депутатов**
**Собрания депутатов МО**
**«село Цатаних» Унцукульского района шестого созыва**

В соответствии со статьей 10 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и прав на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и статьей 12 Закона Республики Дагестан от 6 июля 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республики Дагестан»

Собрние депутатов «село Цатаних» Унцукульского района

## ПОСТАНОВЛЯЕТ:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов МО «село Цатаних» шестого созыва на 13 сентября 2020 года.
2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Садовод» (электронной версии указанного издания), а также разместить его на официальном сайте администрации МО «село Цатаних» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».
3. Направить настоящее постановление в территориальную избирательную комиссию МО «Унцукульский район и в Избирательную комиссию Республики Дагестан.
4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на Сайпулаева Нурмагомеда Сайпулаевича

**Глава администрации МО «село Цатаних»**
**Сайпулаев Н. С.**

# Собрание депутатов СП «село Харачи» Унцукульского района

368946, с. Харачи Унцукульский район РД тел. 8928-284-44-76

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

22 июня 2020 года №6

**О назначении выборов депутатов**
**Собрания депутатов МО «село Харачи»**
**Унцукульского района шестого созыва**

В соответствии со статьей 10 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и прав на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и статьей 12 Закона Республики Дагестан от 6 июля 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республики Дагестан»

Собрание депутатов «село Харачи» Унцукульского района

## ПОСТАНОВЛЯЕТ:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов МО «село Харачи» шестого созыва на 13 сентября 2020 года.
2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Садовод» (электронной версии указанного издания), а также разместить его на официальном сайте администрации МО «село Харачи» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».
3. Направить настоящее постановление в территориальную избирательную комиссию МО «Унцукульский район и в Избирательную комиссию Республики Дагестан.
4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на главу село Харачи Магомедов Магомед Магомедович

**Магомедов М. М.**
**Глава администрации МО «село Харачи»**

# Собрание депутатов МО «сельсовет Кахабросинский» Унцукульского района

## Постановление

22 июня 2020 года № 7 с. Кахабросо

**О назначении выборов депутатов**
**Собрания депутатов**
**МО «сельсовет Кахабросинский»**

В соответствии со статьей 10 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и прав на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и статьей 12 Закона Республики Дагестан от 6 июля 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республики Дагестан»
Собрание депутатов
МО «сельсовет Кахабросинский»

## ПОСТАНОВЛЯЕТ:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов МО «сельсовет Кахабросинский» на 13 сентября 2020 года.
2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Садовод» (электронной версии указанного издания), а также разместить его на официальном сайте администрации МО «сельсовет Иштибуринский» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».
3. Направить настоящее постановление в территориальную избирательную комиссию МО «Унцукульский район и в Избирательную комиссию Республики Дагестан.
4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на Магомедова Магомеда Лабазановича

**М. Л. Магомедов**
**Председатель Собрания депутатов**

**А. А. Абдулаев**
**Секретарь Собрания депутатов.**

Гьаракь кьей

# ТИКалда дандчIвай



Районалъул ТИКалда гьал къоязда букIана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул комиссиялъул пред. А. Расуловасулгун дандчIвай. Гьенивго гIахьаллъана финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудиновги.

ДандчIваялда дандрана РФялъул Конституциялде росулел поправкабазе заман щвелалде гьаркьал кьеялде руссарал суалал. Гьаркьал кьей унел ругеб куцалъул хал гьабуна бетIерас. ТИКалъул нухмалъулес бицана гьаркьал кьей кинаб букIаниги гьалатI гьечIого унел ругин ва гьелъул кинался къагIидаби цIунун ругин.

РакIалде щвезабизин, заманго щвелалде поправкабазул I0 пунктальe ТIолгороссиялъул гьаракь кьей унел руго 6 росулъ ва 4 гъутаналъул магIишаталда.

Коронавирус: редакциялде кагъат

## Киназего баркала

Данде тушман гьечIев гьалагаб рагъулъ
Гъазават борхулел руго врачал,
Сардил макьу гурел, къад лъалхъи гьечIел
Лъалебани унго гьезда бугеб хIал!

Унтарасул къадан, къо щварасул хвел
Щивасе гьимулел гьайбатал ясал,
АскIов щванщинасе махсаро гьабун
ГьечIеб ракI батулев гьав ХIажимурад.

Алжанул хIурулгIин, хIикматай гIадан
Кадиева щола хIеренго аскIой,
Аллагь рухIги хIалги дур кодоб бугин
Кумек гьабейилан гьари балаго.

Нупайсатбикаги кигIанги цIакъай
Копое гурони кIал рагьуларей,
ХъахIал маккал гIадал ясазул къукъа
Къваридалщиназе ракI-макI гьабулел.

Дир бидурихьазул бальголъи лъалей
Ума Валиева хIеренай сестра,
Сабураб каламгун мун аскIой щведал
Щибаб унтараб бакI танкун бачIуна

Халифат хирияв ГIусманийгIанги
ГIисалги рекIее рахIатго гьечIо,
Унтаразе дарай, халкъалъе кумек
Халкъалъул ургъалилъ тIерхьун ун вуго.



Сахлъун рухI лъолезги, рухI босулезги
Сахлъи буго нужей, даим гьарулеб,
Гьадинал гIадамал дир ВатIаналда
ГIемер гьаре, Аллагь, гьарула Дуда!

**Суайбат ХIАМЗАТОВА**
**Рихьуни росу.**

# Бесдал лъималазе – жанир чIезе бакIал

## (Видеоконференция)

Гьал къоязда Дагъистаналъул Правительствалда гьоркьоб лъун хал гьабизе босун букIана балагьизе чи гьечIого хутIарал бесдал лъималазе жанир чIезе бакIал рукIинариялъул суал. Гьеб ана РДялъул Правительствалъул председателасул зам. У. ГIумаровалъул нухмалъиялда гьоркь муниципалитетазулгун видеоконференция хIисабалда.

Нилъер районалдаса гьелда гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, опекаялъул ва попечительствалъул вед. специалист К. МухIамадгIалиев. Гьес бицана районалда жанир чIезе рукъзал кьеялъе сияхIалда ругин 60 гьелде ккарал лъимал. Гьездасан 8 язе щвезе кколин жанир чIезе бакIал.



У. ГIумаровалъ бутIрузда ракIалде щвезаруна къотIи-къаял хъваялъе ругел болжалал, бихьизабуна жиндир заманалда цIезаризе кколин рукъзал щвеялъе хIажалъулел документал. «Бесдал лъималазе росизе данде кколеб бакIал рукIине кколин хасаб хъаравуллъиялда гьоркь. КъотIи-къай хъвай лъугIизе кколин 30 июлалде»,-ян бихьизабуна гьелъ. Гьединго зампредалъ тIадчIей гьабуна жанир чIезе бакIал рукIинариялъул анализ щибаб анкьие гьабулин. Жакъа къоялде 38 муниципалитеталдасан 24 муниципалитеталъ лъазабун буго бича-хиси. Рицана графикалдаса нахъе кколел районал, гьенибго жавабияз хIисаб кьуна гьеб суалалда хурхун бугеб хIалалъул, рихьизаруна ругел гIиллаби, гьел лъугIизариялъе тIуразаризе кколел масъалаби. Совещание унаго муниципалитетазул бутIрузда лъазабуна гьеб хIалтIи рукIалиде ккезабе,-ян, лъазабуна хъадуб бехьерхьиялъе ругел гIиллаби лъазаре,-янги. Совещаниялда У. ГIумаровалъ бихьизабуна данде кколел, ай приоритетниял помещени ял муниципалиял буголъиялде росун, къотIи-къаял хъван, тIубанго лъугIизабизе кколин I сентябралде. Гьеб къо чIезабун буго Россиялъул лъай кьеялъул Министерствалъ ва РФялъул кидагосеб хъара-вуллъиялда гьоркь буго,- ян бихьизабуна гьелъ.

Сахлъи

## Малъазги бицуна сахлъиялъул

Хиромантаз малъазул гьетIи ва тIасан мухъал рукIин къисматалъул гIаламаталлъун, рикIкIуна, врачаз абуни гьеб бухьинабула сахлъиялъул бугеб ахIвал-хIалалда.

* Малъазул пластинка бек-бекун унеб ва риццалъун ругищ? Гьеб ккола чорхолъ махх гIолеб гьечIолъиялъул гIаламат. Гьединал захIмалъабигун дандчIвала гIемер диетабазда чIолей чIужугIадан.

* Малъ халалъухъе кьватIел бугищ? Гьелъ бицуна кальция гIолеб гьечIолъиялъул. Гьеб гьорлъ бугел квенал кванай, гIемер хIалтIизаре рахьдал, бетарахьдал квенал.

* ГIебса къотIел бугони – организмалъе гIолеб гьечIо цинк. Гьедин бугони лъикI хIалтIуларо квен биинабулел органал.

* Пластинкаялда жаниб хутIел бугони, гьеб ккола холециститалъул, панкреатиталъул, телонефриталъул, хроническияб ангинаялъул, бронхиталъул, гайморталъул, кариэсалъулцин гIаламат.

* Пластинкаялда бугоркаби ругони, буго лъабго гIилла: малъазул грибок букIин, сахарный диабет яги обмен веществабазул лъикIаб хIал гьечIолъи.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 25.06.20 г.
15.00
фактически -16:20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.